

Plan Konpreyasiv pou Retabli Everglades la Premye Senk Ane Yo

Creole
Kreyòl

Yon gwo mouvman pou nou retabli Everglades la deja sou pye. Kongre Ozetazini a te otorize Plan Konpreyasiv pou Retabli Everglades la (li gen sig CERP an Angle). Sa se pi gwo demach pou retabli anviwonman an ki janm fet pandan listwa nou. CERP pral agrandi tout marekay nan Everglades la ak tout lak, rivye, ak bay nan rejyon sa a nan pati sid Florid la ki genyen 16 konte ladan'l. Pwoje CERP sa yo pral sezi epi yo pral sere pifo nan 1.7 miya de galon dlo ki aktyelman ap rigole desann nan Osyon Atlantik ak nan Gulf Meksik la chak jou. Y'ap fe sa pou yo ka mete yon bwa ki pi chofe nan anviwonman natirel Florid la.

Plan Konpreyasiv pou retablisman Everglades la te devlope nan ane 1990 yo epi mas pep la te montre byen interese nan se epi tou, yo te bay plan sa anpil bwa pou kore banann li. Yo gentan fon paket chita tande sou koze sa epi de milye de moun te bay opinion pa yo pou etablisman plan final la- kom konsekans, nou vin genyen yon plan ki ba nou yon bon ekilib pou nou ka satisfè plizye entere k'ap kwake kon yo youn ak lot.

Jodi a la, nou gentan ap mete plan sa sou aksyon. Nou vin simonte yon gwo etap ki empotan anpil. 2005 te fe senkyem ane depi nou vin mete plan CERP sa sou pye. Menm si se yon ti bout tan Selman, nou gentan vale anpil teren pou nou ka retabli Everglades la ak sistem ekosistem. Men kek nan bagay kap resoti plan an:

Pwoje kap toujou kontinye pou bay fondasyon:

Se pwoje ki gen pou we ak sa nap mennen epi se pou bay yon fondasyon pou CERP la. Pwoje sa a te pouse bourik yo pi devan epi yo preske fini l. Ladan pwoje sa yo nou genyen yon retablisman rivye Kissimmee kap fet, yon amelyorasyon kouran dlo ki vin rigole desann nan Pak Nasyonal Everglades la (Everglades National Park), epi yap bati marekay tretman pou nou ka amelyore kalite dlo nan pati no nan Everglades la.

Achte Te: Nou vin achte plis ke 207,000 akre te a-oubyen 51% de sa nou te bezwen an- pou yon pri ki rive a preske \$1 miya. Nou gentan akselere akizisyon te sa yo pou nou kapab achte bout te ke nou bezwen nan pri jodi a la epi pandan yo toujou nan mache a.

N'ap mete pwoje pilot soup ye: Yon etid nan rejyon an epi pwoje pilot yo gentan komanse evalye ki posibilite genyen pou nou fe yon gwo depo pou sere ak sove akife epi tou teknoloji pou nou ka siveye dlo kap ponpe soti. Tout enfomasyon ki moun bay nou pral ede nou reponn kesyon parapo teknoloji sa yo.

N'ap deziyen Pwoje CERP yo: Retablisman Everglades la se yon demach ki konplike ki gen ladan'l plis ke 50 pwoje individyel. Sak pi resoti nan pwoje nou ka jwenn rezewwa pou nou sere dlo, marekay tretman, n'ap retire barye ki mout e bati kap bloke ladesant dlo a, n'ap eseye redwi vale dlo kap ponpe soti anba te a, elatriye. Ko Enjinye Lame Ozetazii a ak tout asos li yo ap vale teren bo tribo e babo pou ckak youn nan 19 pwoje sa yo.



Rivye Kissimmee



Lak Okeechobee



Rivye Indian Lagoon




**US Army Corps
of Engineers**
Jacksonville District

Plan ki deja fini pou de pwoje sa yo: Plan final yo ki te rekomande te gentan fini pou de pwoje CERP empotan: Indian River Lagoon South ak Picayune Straud (ki nan Southern Golden Gate Estates) Retablisman idwolojik. Apre kongre peyi a vin ba nou otorizasyon, nou pral pouse pwoje sa yo nan faz deziyenman ak konstriksyon ki pi detaye.

N'ap etabli pwosedi ak ako pou gestyon an: CERP se yon misyon ki koute \$10.5 miya ki la depi 30 an epi ki genyen ladan'l plizye nivo gouvènman ak tout gwo pati ki an je.. Nou te redije papye ako, pwosedi, and dokiman oriyantasyon parapo jestyon an pou asire nou ki nou rive atenn objektiv ki CERP te tabli.

Pwoje Banding: Plis ke 50 pwoje CERP te jwenn yon priorite epi yo te divize nan peryod de tan de 5 an. Sa pral asire ke pwoje yo utilize nan yon fason ki pi bon mache epi ki pote benefis pou anviwonman natirel la epi nou fe sa osi vit nou kapab.

Ankouraje mas pep la patisipe: Nou gentan mennen yon pakèt jefo pou ankouraje mas pep la patisipe nan mete plan CERP an aksyon. Reyinyon piblik ak atelye, evenman spesyal, ak distribisyon dokiman kreyativ ak pwodwi elektwonik te tout ede fe moun yo vin pi okouran de sa. Plizye kokenchenn jefo te gentan fet pou ankouraje ni minorite ni kominote ki pa touche anpil kob ni moun ki pa fo an Angle pou yo patisipe tou. Nou gentan mennen yon jefo espesyal pou nou fe tout ti biznis ak biznis ki gen youn minorite sou tet li konnen le CERP ap pran moun pou travay.



Ekspozisyon pou biznis nan rejyon an



Reyinyon Piblik

Senk ane kap vini yo

Pandan senk ane kap vini yo, nou pral rive jwenn kek obektiv esansyel. Nou pral mete yon bout nan pwoje fondasyon yo; rechek pilot ak rejyonel ap fin ba nou enfomasyon ki empotan anpil; nou pral komanse bati pwoje CERP; epi anplis, nou pral konteste yon gwo amelyorasyon tet bef nan anviwonman natirel la.

Pou jwenn plis enfomasyon

Rapo pou kongre peyi 2005 la ba nou yon ekspoze konple de CERP, ladan yo se tout akonplisman nou gentan fen an tan pase yo ak sa nou atann fe an lavni, yon ti rale sou koze jwenn kes finasye, aktivite beton yo, division pwoje yo ak plizye lot koze ki gen pou we youn ak lot. Tanpri vizite www.evergladesplan.org pou w ka revise rapo konple a epi

pou ou ka jwenn tou yon pakèt lot enfomasyon sou koze retablisman Everglades la.

1-877-CERP-USA
www.evergladesplan.org



Pakou n'ap mennen pou nou retabli Everglades Amerik la

Yon asosyasyon ant Ko Enjinye Lame Ozetazini, Distrik Jestyon Dlo nan Sid Florid la, epi yon pakèt lot asosye nan nivo federal, nan leta a, local ak asos tribal nou yo.